*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№172 (26385)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 20 сентябрь – рухæны мæйы 20 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КОНГРЕСС
**Органикон химийы фидæн**

3 ХЪÆРМÆДОНЫ ФЫДБÆЛЛÆХЫ ЧИ ФÆМАРД, УЫДОНЫ МЫСÆН БОН

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
**Фехтовани**

**Хуссар Ирыстонæй**

# Паддзахады уæндон къахдзæфтæ

**Цхинвалы æртыккæгæм бон кусы Æппæтдунеон экономикон форум «Южная Осетия. Горизонты инвестиций». Уæрæсейы Промышленникты æмæ амалхъомады цæдисы сæргълæууæг Сергей ШОХИНЫ хъуыдымæ гæсгæ, Хуссар Ирыстоны ис æвæджиау æрдзон климæты æвæрæнтæ, æмæ ахсджиаг у, цæмæй йæ инвестицион климæт дæр фæстæдæр ма лæууа.**

Форумы фæзуæтты архайд стыр ахъаз фæуыдзæн республикæйы экономикæйы рæзтæн, социалон фарстаты нывыладæн. Республикæ канд йæ æрдзон уавæртæй нæу хъæздыг. Йæ зæххыл цы уæлдæр, къуылдымыл Хопайы аргъуан, йæ фарсмæ Хопа, зæгъгæ, цы хъæу уыд, уый номæй. Кæд дзы нывыл фæндаг нæй, уæддæр æм цæуынц бынæттон цæрджытæ, стæй туристтæ. Хистæртæ куыд дæрæрдæм ивддзинæдтæ кæй фæзындзæн. Кæд се 'ппæт нæ, уæддæр культурон цыртдзæвæнты кæцыдæр хай, гæнæн ис, æмæ цалцæггонд æрцæуыдзысты. Хопайы аргъуан консервацигонд æрцыд æнусы 'рдæджы размæ, йæ сæр ын бамбæрзтой, уæдæй абонмæ йæм æвнæлд нæ уыд. Бынæттон цæрджытæ диссагæн дзуринагау фехъусын кодтой, ивгъуыд æнусы æвдайæм азты аргъуаны къулрæбын

Ленингоры Историкон-бæстæзонæн музей æрвылбон дæсгай туристтæ бабæрæг кæнынц, экскурситæ сын залты суткæ дыууæ хатты саразынц музейы кусджытæ. Йæ бæстыхай XVI-XVII æнусты арæзт æрцыд, Ксаны ерыстаутæй нæм йæ фыццагон хуызы æрхæццæ. Экспонаттæ – дзуæртты рагон нывтæ, аристократтæн æлыгæй хъуырау, хæдзары дзаумæттæ, куырой, æлыгæй дурынтæ



адæм цæры, уыдонæн ис нацийы монон æмæ культурон æвæрæнтæ, бирæтæ дзы хъахъхъæд цæуынц паддзахады цæстдардæй. Уый фадат дæтты наукон куыст кæнынæн, стæй республикæйы туризмы къабазы рæзтæн.

Ирон адæмы традицион уырнынад, чырыстон дин сты национ хиæмбарынады бындур, зæгъгæ, ис фыст Республикæ Хуссар Ирыстоны Конституцийы. Мин æмæ 'рдæгæй фылдæр ис историон цыртдзæвæнтæ республикæйы зæххыл: астæуккаг æнусты арæзт мæсгуытæ, фыдæлтыккон кувæндæттæ, стæй дæсгай æнусты размæ арæзт аргъуантæ. Æрмæст Ленингоры районы сæ нымæц æртæ сæдæйæ ахызт. Бирæтæ дзы зауат уавæры сты, бæрæг ма сты æрмæст сæ бынæттæ. Историон-культурон цыртдзæвæнтæ уыцы уавæры дæр стыр цымыдисдзинад æвзæрын кæнынц республикæйы уазджытæм. Рагон арæзтæдтæм æвнæлд нæ уыд, æмæ сæ иутæ сæхи цардæй цæрынц, иннæтæ адæмæн лæггад кæнынц.

Раздæхæны хъæуы Мады-Майрæмы аргъуан, куыд дзурынц, афтæмæй астæуккаг æнусты райдайан æрцыд арæзт, бахастой йæ республикæйы культурон цыртдзæвæнты номхыгъдмæ. XII-XIII-æм æнусты арæзт æрцыд, хъæуæй дыууæ километры



дзырдтой, афтæмæй йæ фарсмæ уыд мæсыг, тæссаг уавæры-иу арты фæздæгæй фехъусын кодтой, сæ алфамбылай чи цард, уыдонæн, цæмæй сæм æххуысмæ фæзыной, сæ сæр сæ кæй хъæуы. Ныр дæр ма бæрæг дарынц йæ кæлддзæгтæ. Хопайы аргъуанæй ныххизæн уыд хъæуы астæуты фæндаджы был Мады-Майрæмы аргъуанмæ, арæзтады хæлæтдзаг къултæ – æвдисæн. Рагъыл уæлæмæ ссæугæйæ, схæццæ уыдзынæ Уастырджийы кувæндонмæ. Кæд зилинаг у, уæддæр æм адæм цæуынц сæ кувинæгтимæ.

Экономикон форумы цы бадзырдтæ бафыстой, уыдон ныфс дæттынц, республикæйы инвестицийы рæзты фæрцы царды ацы къабазы дæр хуызкæй æрзад тулдз бæлас. Цалцæггæнæн куыстытæ азербайджанæгтæ кодтой, æмæ йæ куы калдтой, уæд æд бæлас бæрзонд былæй ахауд кусджытæй иу. Фæлæ цъæррæмыхст дæр нæ фæцис, адæргæй, куы схызт фæстæмæ, уæд йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта, æххуысгæнæг у, зæгъгæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран Аулохты Никъалайы хæдзар аргъуаны фарсмæ уыд, æмæ-иу хæсты бонты фыдæвзарæнты цы рæстæг бахауд йе 'мбæлттимæ, уый размæ-иу йæ фыны федта, аргъуанæй бæлæттæ кæй ратахтысты æмæ сæ хæдзары сæр кæй æрбадтысты. Йæ ныхæстæм гæсгæ, зыдта, удæгасæй кæй баззайдзæн, уый.

æмæ цæрæгойты цæрмттæй конд хæдзары дзаумæттæ. Музейы дыккæгæм уæладзыджы сты нывгæнджыты куыстытæ. Ивгъуыд æнусы æвдайæм азты археологтæ алайнаг ингæнтæй бирæ алыхуызон æрмæджытæ скъахтой, уыимæ – сыгъзæрин дæр, йæ уæз уыд 30 килограммы. Экспонатты иу хай ис музейы, сызгъæрин дзауматæ та аластой Калакмæ. Кæм сты ныр, уый бæрæг нæу.

Културон бынтæ ахъаз сты канд туризмы рæзтæн нæ, фæлæ ма, наукон архайд æмæ бæстæзонынадмæ йе 'ргом чи здахы, уыцы хæдахуыр иртасджыты 'ххуысæн сæ куысты иу хай.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Кусæг æмбырд**

# Социалон-экономикон рæзтæн



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис министртæн скодта паддзахадон программæтæ æмæ национ проекттæ царды уадзынимæ баст кусæг æмбырд.**

Ацы азæй республикæйы социалон-экономикон рæзты охыл паддзахадон программæтæ царды уадзынæн лæвæрд æрцыд 37,1 миллиард сомы. Уыдоны фæрцы арæзт, цалцæггонд цæуынц социалон æмæ инженерон инфраструктурæйы 250 объектæй фылдæр.

Паддзахадон программæтæ æмæ национ проектты архайгæйæ, фадæттæ фæзынд субсидитæ экономикæйы алы къабæзты рæзтмæ æрвитынæн, граждæнты алы къордтæн æххуысы мадзæлттæ кæнынæн. Дзанайы-фырт байхъуыста æххæстгæнæг хицауады минæвæрттæм. Уыдон радзырдтой æнæниздзинад хъахъхъæнынады, ахуырады, культурæйы, спорты, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ æндæр арæзтадон фæзты уавæрты тыххæй.

Дзуапдæтджытæ фæбæрæг кодтой, арæзт цы бæстыхæйттæ цæуы, уыдоны кæронбæттæн æмгъуыдтæ, стæй æндæр ахсджиаг хъуыддæгтæ. Хицауады Сæрдар фæсидт бæрнон адæймæгтæм, цæмæй хъуыддæгтæм лæмбынæг цæст дарой, куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæной, программæтæ æмæ проектты нысанмæарæзт бæрæггæнæнтæй иуварс ма хизой.

«Мæ бон уый зæгъын у, æмæ нæ уавæртæ нывыл сты. Фæлæ рæстæг уый бæрц нал баззад, хъуамæ афæдзы кæронмæ сæххæст кæнæм, республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** нын нæ размæ цы хæстæ æвæры, уыдон. Бæрнон адæм хъуамæ арæзтæдтæм сæ цæст дарой», – загъта Хицауады Сæрдар Дзанайты Барис.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Аудынад**

# Стажировкæ кæны

**Программæ «Ирыстоны намыс»-ы финалист ГÆБÆРАТЫ Давид стажировкæ цæуы нæ республикæйы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады кусæндæтты.**

Амынд ведомствæйы разамонæг **Хъæраты Тимуры** æвджидуæвæг лæппу Дзæуджыхъæуы Уынаффæйады институты юриспруденцийы факультет каст фæуыны фæстæ æрвыст æрцыд сæрмагонд æфсæддон операцийы тæлммæ. Уырдыгæй æрыздæхыны фæстæ Давидæн фехъусын кодтой амынд программæйы тыххæй хабар.

– Мæ хъарутæ бафæлварыны фæнд скодтон, рагæй дæр ме 'ргом кæмæ здæхтон, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады



уыцы къабазы. Мæ курдиатыл сразы уæвгæйæ, бæрнон адæймæгтæ мæ барвыстой министр Хъарайы-фыртмæ, – зæгъы Давид.

Ныридæгæн ахуырадон-курсон комбинат æмæ бындурон арæзтады управлени бабæрæггæнæг лæппу стажировкæ цæуы техникон инвентаризацийы бюройы. Давид радон стажировкæ ацæудзæн республикон куыстуат «Водоканал»-ы, бабæрæг кæндзæн донисæнтæ, тæвддæттæнтæ æмæ æндæр объекттæ.

– Ацы стажировкæмæ рагæй æнхъæлмæ кастæн. Республикæ донæй чи æфсады, уыцы къабазы æнæлаз архайдимæ базонгæ дæн. Фæнды мæ «Водоканал»-мæ кусынмæ бацæуын æмæ адæмæн æххæстгонд лæггæдты хæрзхъæддзинад фæуæрæхдæр кæнын, – зæгъы Гæбæрайы-фырт.

Давид донæй æфсадыны къабазы куыст биноныг кæй рахатдзæн, амынд министрады разамынд уыл зæрдæ дары.

**РЦИ-Аланийы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады пресс-службæ**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй



**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты цыппорцыппæрæм æмбырд уыдзæн 2025 азы 23 сентябры 10 сахатыл Хицауады Хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2025 азы 23 сентябры 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады Хæдзары фойейы.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**

## Дзырды фарн

*...раст уд сæфгæ нæ кæны...*

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

Конгресс

# Органикон химийы фидæн

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты йæ куыст фæцис гетероциклинон иугæндты химиимæ баст Æппæтуæрæсеон фыццаг конгресс.**

Ардæм æрæмбырд сты раззагдæр ахуыргæндтæ-химиктæ, семæ – Уæрæсейы наукæты академийы уæнгтæ æмæ уæнг-уацхæсджытæ, афтæмæй. ЮНЕСКО-йы залы скодтой конгресс кадджын уавæры сæхгæныны хъуыддаг. Уазджытæн æмæ фысымтæн сæ ахсджиаг æмæ ахадгæ куысты тыххæй бузныг загътой Мæскуыйы паддзахадон университеты органикон химийы кафедрæйы разамонæг, профессор **Валентин Ненайденко**, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты фундаменталон æмæ органикон химийы кафедрæйы разамонæг **Абайты Владимир**.






Уыцы ран ма конгрессы æппæты æвзонгдæр архайæг 12-аздзыд **Верæ Ростовайæн** раттой зæрдылдарæн лæвар. Валентин Ненайденко куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй конгрессы куысты рæстæг байхъуыстой бирæ раныхæстæм, æмбæлгæ хабæрттæ фехъусын кодтой химиктæн. Гетероциклинон иугæндтæ сты хосты æмæ æндæр ахсджиаг æрмæджыты æвæрд культурон бындуртæ. Уымæ гæсгæ фылдæр ныхас уыцы темæ бацахста. Ома, наукæ æмæ практикæ кæрæдзиимæ куыд баст сты, уый бæрæггонд цыд.

«Фæнды мæ, конгрессы сарæзтыл зæрдиагæй чи бацархайдта, уыдонæн бузныг зæгъын, Цæгат Ирыстоны университеты командæ æмæ йæ ректор Огъуаты Алан. Уыдоны руаджы базыдтам, наукæ æмæ ахуырады фарстаты тыххæй куыд цымыдисæй дзурын хъæуы, бынæттон цæрджыты рæдаудзинад æмæ уæ республикæйы рæсугъддзинæдтæ дисы бафтыдтой», – загъта мæскуыйаг уазæг.

Цыппар боны дæргъы химион къабазы раззагдæр ахуыргæндтæ æвзæрстой органикон химийы нырыккондæр æмæ пайдайагдæр рахæцæнтæ. Ædæппæтæй дзы архайдтой 220 ахуыргонды, уыдон рæгъмæ рахастой 114 раныхасы, балæвæрдтой ма сæ постты хуызы дæр. Æвзæрстой ног синтетикон æмæ каталитикон мадзæлттæ, стереохимийы сусæгдзинæдтæ, æрдзон æрмæджыты синтез æмæ æндæр вазыгджын нысантæ.

Филологон факультеты бацæуæны скодтой постты сесситæ, автортæн сæ бон бацис сæ проекттæ рæгъмæ рахæссын. Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ректор **Огъуаты Алан** фембæлд раззагдæр ахуыргæндтимæ, ныхас бацахстой наукон куыстытæ цардмæ хæссыны фарстатæ, республикæйы куыстуæттимæ æмгуыстад. Уазджытæ фæбæрæг кодтой цæгатирыстойнаг ахуыргæндты хъомыс, иумæйаг проекттæм сын се 'ргом раздахыныл дæр ныхас цыд.

Наукæйыл ныхасгæнгæйæ рохуаты нæ баззадысты республикæйы культурон бынтæ дæр, уазджытæ федтой Цъæйгом, Хъæрмæдон. Уæдæ сын сæ зæрдæтæ балхæдтой кæфтыты ансамбль **«Чысыл джигит»**, зарæггæнджыты къорд **«Уацамонгæ»**, **Реуазты Данæйы** поэтикон бакастытæ æмæ æндæр артисттæ.

**ЦИПУ-ы пресс-службæ**

Социалон фондæй

# Пенсион æмбырдгæнæн æхцатæ

**Фарон Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад нæ регионы цæрæг 1253 адæймагæн пенсион æмбырдгæнæн æхцатæ бафыста.**



Æмбырдгæнæн пенси кæмæ сæвзæрд, фиддонтæ райсыны бар ис ахæм адæймæгтæм. Адонмæ хауынц:

– 2002 азæй 2014 азмæ куыстдæтджытæ фæдзæхстадон фиддонтæ кæй тыххæй фыстой, 1967 аз æмæ уый фæстæ райгуырæг ахæм кусæг адæймæгтæ;

– 2002-2004 азты кæй пенсион æмбырдгæнæн æхцатæ сæвзæрдысты, 1953-1966 азты райгуырæг ахæм нæлгоймæгтæ æмæ 1957-1966 азты райгуырæг сылгоймæгтæ;

– Пенсион æмбырдгæнæн æхцатæ æхцайæ паддзахадон æмæфсисады программæмæ гæсгæ, фиддонтæ барвæндонæй бафидæг адæймæгтæ;

– ныййарæджы капитал æмбырдгæнæн пенсимæ барвитæг ныййарджытæ.

Пенсион æмбырдгæнæн æхцаты фæрæзтæ бафидæн ис иурæстæгон фиддоны, æмгъуыдмæ пенсион фиддоны, кæнæ æмбырдгæнæн пенсийы хуызы. Сылгоймæгтæн фиддон сæвæрæн ис 55-аздзыдæй, нæлгоймæгтæн та – 60-аздзыдæй. Уымæй уæлдай, кармæ гæсгæ пенси æмгъуыдæй раздæр сæвæрыны бар кæмæ ис, фиддон райсыны бар ис ахæм адæймæгтæн дæр.

Фиддоны хуыз аразгæ у пенсион æмбырдгæнæн æхцаты фæрæзты бæрцæй æмæ пенсиисæгæн фæцæрынæн хъæугæ æппæтæй къаддæр хæрдзты иумæйагуæрæсейаг бæрцæй.

Пенсион æмбырдгæнæн æхцаты фæрæзты хардзæй фиддонтæ райсынæн курдиат барвитын хъæуы бæстæйы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады клиентон службæмæ, кæнæ та портал «Госуслуги»-йы фæрцы. Пенсион æмбырдгæнæн æхцатæ кæд æнæпаддзахадон пенсион фонды æвæрд сты, уæд сæм бахатын хъæуы амынд фондмæ.

Пенсион æмбырдгæнæн æхцатæ фидынц мæнæ ахæм уагæй:

- уыцы-иу рæстæг (æмбырдгæнæн пенси сæвæрыны бонмæ нымад æмбырдгæнæн пенсийы бæрц æппæт Уæрæсейы Федерацийы пенсиисæгæн фæцæрынæн хъæугæ æппæтæй къаддæр хæрдзты бæрцимæ кæд æмхуызон, кæнæ 10 процентты къаддæр у, уæд æппæт пенсион æмбырдгæнæн æхцатæ уыцы-иу рæстæг бафидынц æппæт бæрцæй);

– бæлвырд æмгъуыдмæ æрвылмæй (курдиат барвитæг адæймаг кæй сбæлвырд кæна, фиддонтæ фидынц ахæм æмгъуыдмæ, ацы æмгъуыд 10 азæй къаддæр куыд нæ уа, афтæ);

– æрвылмæй æмæ цæрæнбонты дæргъы (æппæт Уæрæсейы Федерацийы пенсиисæгæн фæцæрынæн хъæугæ æппæтæй къаддæр хæрдзты бæрцæй æмбырдгæнæн пенсийы бæрц 10 процентæй фылдæр кæмæн у, уыдонæн)

Портал «Госуслуги»-йы индивидуалон хыгъдæй рафыст заказ скæнгæйæ, адæммæ ис хи пенсион æмбырдгæнæн æхцаты бæрц хæдбарæй базоныны бар. Уымæй уæлдай, адæймагмæ ис Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады клиентон службæмæ, кæнæ бирæкъабазджын центрмæ бахатыны бар. Пенсион æмбырдгæнæн æхцаты бæрцы тыххæй бæрæггæнæнæй фæстæмæ, ацы æхцатæ кæм сæвзæрдысты, рафысты ис уый тыххæй дæр хъусынгæнинаг.

Ацы азы 1 августæй фæстæмæ æмбырдгæнæн пенситы бæрцыл бафтыд 10,98 проценты, æмгъуыдмæ пенсион фиддонтыл та – 11,32 проценты.

Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контакт-центр: **8-800-100-00-01** (телефонæй фæдзурæн ис лæвар; регионалон хайады куысты фæтк: **къуырисæрæй цыппæрæммæ – 9 сахатæй 18 сахаты** онг, **майрæмбоны та – 9 сахатæй 16 сахаты** æмæ **45 минуты** онг).

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

Президенты хæслæвæрд

# Гæрæнтæ аивынæн

**Кремлы сайт куыд фехъусын кодта, афтæмæй Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИН бæстæйы Хицауадæн бахæс кодта программæтæ «Хъæуысон ахуыргæнæг» æмæ «Хъæуысон тренер»-ы архайынæн кары гæрæнтæ аивыны тыххæй фарстайыл æрныхас кæнын.**

**23 июлы Хицауады уæнгтимæ чи ацыд, паддзахады разамонæг уыцы æмбырды хатдзæгтæм гæсгæ хæслæвæрдты номхыгъд сфидар кодта.**

**«Программæтæ «Хъæуысон ахуыргæнæг» æмæ «Хъæуысон тренер»-ы архайынæн кары гæрæнтæ аивыны фæтк чи амоны, ахæм ивддзинæдтæ программæтæ «Хъæуысон ахуыргæнæг»-мæ, «Хъæуысон дохтыр», «Хъæуысон фелсыр», «Хъæуысон культурæйы кусæг» æмæ «Хъæуысон тренер»-мæ дæр бахæссыны тыххæй фарстайыл ныхасгонд æрцæуæд», – фыст ис Президенты бардзырды.**



**Уымæй уæлдай, уæлдæр æмæ профессион ахуыргæнæндæттæ каст чи фæци, стæй хи цæрынады хъæуты æрбынæттонуæвæг ахуыргæнæндæттæм кусынмæ чи бацыд, Владимир Путин бахæс кодта ахæм адæймæгтæн программæтæ «Хъæуысон ахуыргæнæг» æмæ «Хъæуысон тренер»-ы архайыны фадат раттыны тыххæй фарстайыл дæр æрныхас кæнын.**

*«15-æм регион»*

Барад

# Цыренгæнæн хъæзтытæ

**Æнæзакъон хъазæн архайдæн фадæттæ саразынæй кæй аххосджын кæнынц, Рахизфарсы районы прокуратурæ уыцы цыппар адæймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.**



Ацы адæймæгты аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 171.2 статьяйы 3 хайы («Стыр æфтиаг райсгæйæ, цыренгæнæн хъæзтытæн фадæттæ саразын») амынд фыдракæнд саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фарон июнæй ноябры онг Рахизфарсы районы цæрæг цыппар адæймаджы, кæрæдзиимæ бафидаугæйæ, Бесланы хаццоны райстой æнæцæрæн бæстыхай æмæ дзы хъазæн зал сарæзтой. Интернет-казинойы хъазынæн амынд адæймæгтæ залы сæвæрдтой компьютерон техникæ, стæй, кæй агуырдтой, уыцы клиенттæй æнæзакъон лæггæдты тыххæй æхца истой. Фыдгæнджыты иумæйаг æфтиаг рауад 8,5 милуан сомæй фылдæр. Слестгæнæн архайды рæстæг компьютерон техникæ тæлæтгонд æрцыд, закъонхалæг адæймæгты исбон нымад æрцыд ахстыл.

Прокурор уголовон хъуыддаг барвыста Рахизфарсы районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Патриотон хъомылад

# Зæрдылдарæн бынæттæм – экскурси

**Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы азы фæткмæ гæсгæ, стæй Уæрæсеимæ ног регионты – Луганскы æмæ Донецкы Адæмон Республикæты, стæй Херсоны æмæ Запорожьейы облæстты – баиукæнынадыл æртæ азы кæй сæххæст, уый кадæн Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады ветеранты актив Алагиры 2-æм скъолайы 8 «б» æмæ 9 «б» кълæсты кадеттæн сарæзта æмбарынгæнæн экскурси хæстон намысы бынæттæм.**



Районы мидхъуыддæгты хайады Ветеранты советы сæрдар, пъæлицæйы отставкæйы булкъон **Бицъоты Олег**, стæй амынд къæлсты ахуырдзаутæ сæ разамонæг **Хъайттаты Людмилæимæ** иумæ бабæрæг кодтой Дзæуджыхъæуы хæстон намысы зындгонддæр зæрдылдарæн бынæттæ (архитектурон-скульптурон комплекс «Намысы номарæн» æмæ «Барбашовы фæз»), стæй нæ республикæйы сæйраг горæты æрбынæттонуæвæг Национ музей.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман сырхæфсæддонтæ кæй равдыстой, фæсивæд уыцы хъæбатырдзинады тыххæй хабæрттæ базыдтой. Рæзгæ фæлтæр сæ Райгуырæн бæстæйы историмæ стыр æргом кæй здахынц, уый бирæйыл дзурæг у.

Зонындзинæдтæ фылдæр кæнынæн ахъазгæнæг балцы архайджытæ мидисджын экскурсийæн фадæттæ саразæг адæймæгтæн бузныг загътой.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Гæстæны арфхъуыдыджын уацмыстæ

Нæ ирон нырыккон литературæйы зынгæ бынат ахсы РЦИ-Аланийы адæмон фыссæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, публицист, журналист æмæ æхсæнадон архайæг Агънаты Гæстæны сфæлдыстад. Æз дæр æмæ иннæ ирыстойнæгтæ семæ зонгæ стæм.

Уыцы хæрзæгъдау адæймагимæ раджы базонгæ дæн, уæд куыста Радиойы хæдзары уацхæссæгæй. Нæ зонгæдзинад нæ рох кæнæм, куы сæмбæлæм, уæд зæрдиаг фæрстытæ фæкæнæм кæрæдзийы. Йæ хъуыдытæ кæддæриддæр вæййынц базырджын, базыдтон æй дардмæ уынагæй. Афтæмæй баззад ныр дæр. Нæ фыццаг фембæлд мæ зæрдыл лæууы абоны онг дæр...

– Арсæмæг, мæ абоны фембæлд баст у, уæ фæрнджын хъæуы тыххæй радиомæ æрмæг бацæттæ кæнынимæ. Фæсивæд сæхи куыд дарынц, уый куы зæгъиккой хъæуы хистæртæ æмæ мæ де 'ххуыс хъæуы, – загъта Агънайыфырт.

– Гæстæн, æз ныртæккæ фервитдзынæн хъæуы хистæртæм, зæгъгæ, дзуаппын раттон.

Уайтагъд фæзындысты хъæуы уæды хистæртæ Бæрæгъуынты Джерихан æмæ Дзиуаты Габат, базонгæ сæ кодтон радиойы уацхæссæг Агънаты Гæстæнимæ. Уый сын бамбарын кодта фембæлды нысан, «радзурдзыстут, уæ фæсивæд сæхи куыд дарынц, карз нозт, наркоманийы азары дзы кæд исчи бахауд кæнæ хызт стут уыдæттæй», зæгъгæ, бацамыдта.

Бæрæгъуынты Джерихан тынг раппæлыдис, нæ фæсивæд сæхи хорз дарынц æхсæнадон бынæтты, кафынмæ æмæ зарынмæ сты рæвдз, «Нæ фехъуыстон, мæнæ сæ уый наркоман у, зæгъгæ. Хистæртæ сæ хъус дарынц фæсивæды архайдмæ», – радзырдта Бæрæгъуыны-фырт.

Дзиуаты Габатæн дæр фæсивæды хъомыладыл уыдис йæ ныхас, кæрдзыныхъæуккаг æрыгæтты цард, æхсæнадон архайды тыххæй фæдзырдта. Гæстæн лæвæрдта бæстон, лæмбынæг фарстытæ, дзуаппытæ дæр уыдысты барст. Иуахæмы, Кæрдзыныхъæуы Хъамбердиаты Мысосты юбилейы уæвгæйæ, Агънаты Гæстæн залмæ куы бакъахдзæф кодта, уæд мæм худгæ æрбауад æмæ мын афтæ: « Арсæмæг, æрыгон поэт Хъамбердиаты Мысосты хъæуккаг кæй дæ, уымæй дæ амонддзын». Æмбырды куы раныхас кодтон, уæд ма мын мæ къух райста.

Рæстæг размæ згъоры, мæ зæрдæйæ та цух не сты, кæимæ æмбæлдтæн, кæимæ куыстон, сæ ахаст, сæ архайд. Агънаты Гæстæнæн дæр мæ зæрдæйы ис бынат... Йæхи бауарзын кодта йæ арфхъуыдыджын уацмыстæй, сфæлдыстадæй.

**БОГАЗТЫ Арсæмæг, Ирыстоны кадджын ветеран**



# 20 сентябрь – Хъæрмæдоны фыдбæллæхы чи фæмард, уыдон мысæн бон

## Цæмæн ракалдис цъити?

**2002 азæй фæстæмæ дунейы ахуыргæндтæ се 'ргом тынгдæр здахынц, Цæгат Ирыстоны Хъæрмæдоны цы стыр æрдзон фыдбылыз æрцыд, уымæ, бæлвырддæр та – Хъолайы цъитимæ. Цъити алы рæстæджыты цалдæр хатты ракалд, æмæ уый фæдыл сæ хъуыдытæ ахуыргæндтæ 2007 азы Дзæуджыхъæуы æппæтадæмон конференци «Инновационные технологии для устойчивого развития горных территорий Северной Осетии»-йы загътой. Ацы егъау æмбырды бæлвырд ныхас ракодта ЦИПУ-йы æрдзæй раст пайда кæныны экологийы кафедрæйы профессор, геологон-минералогион наукæты доктор, РЦИ-Аланийы наукæ æмæ техникæйы сгуыхт кусæг, УФ-йы æрдзон наукæты академийы уæнг Михаил Григорийы фырт БЕРГЕР. Дæлдæр æй мыхуыр кæнæм.**



Рацыд бирæ азтæ, æмæ, уыцы фыдбæллæхы аххосæгтæ цы уыдысты, уыдоны тыххæй загъта Михаил Бергер.

– **Михаил, цы стыр фыдбылыз æрцыд Хъæрмæдоны, уымæн развæлгъау базонæн уыдис?**

– Хъыгагæн, нæ. Цæстдард æм цыдис, фæлæ бæлвырд, биноныг нæ, Советон дуг куы фехæлд, уæдæй фæстæмæ. 2002 азы бæллæх æрцæуудзæн, уый æнхъæл ничи уыд, уымæн рагагъоммæ уыдис бæрæггæнæнтæ, æмæ сæм хъусдард не 'рцыд. Æз æй катастрофæ хонын, æмæ æнæнхъæлæджы фæзынд канд хуымæтæг адæмæн нæ уыд, фæлæ хæххон цъититæ æмæ семæ баст æрдзон тасдзинад чи ахуыр кæны, уыцы гляциологтæн дæр. Ныр нын ис амæй фæстæмæ сагъæс кæнын æмæ цæстдарынæн бындур, фидæны ахæм фыдбылызтæ цæмæй мауал æрцæуа, уый фæдыл.

2007 азы Мæскуыйы мыхуыры рацыд мæ наукон трилоги Хъæрмæдоны катастрофæты тыххæй. Уым бæстон радзырдтон, развæлгъау ахæм фыдбылызтæ куыд сбæрæг кæнæн ис, уыимæ, канд цалдæр боны раздæр нæ, фæлæ дыууæ-æртæ къуырийы раздæр базонæн кæй ис, уый тыххæй.

– **Уыдис ма ахæм бæллæхтæ раздæр? Иннæ цъититимæ йæ абарæн ис?**

– Хъолайы цъитийы историйы ахæм бæллæхтæ иу æмæ дыууæ хатты не 'рцыд. Уыцы заманты цæрджытæ зыдтой ацы тæссаг уавæр æмæ сæ хæдзæрттæ, æнæхъæн хъæутæ бæрзонд къуыбыртыл дæр уымæн арæзтой. Æндæр дæлвæзы, Гæналдонмæ хæстæг, хæдзар саразынæй æнцондæр ма цы уыдис, фæлæ рагон талынг адæм ахуыргæндтæй зондджындæр уыдысты. Тызмæг æрдз уыдис сæ ахуыргæнæг æмæ сæ уый ахуыр кодта бæллæхтæй хи бахизыныл.

Мах дзы кæй зонæм, уыцы цаутæ æртæ сты: фыццаг катастрофæ æрцыд 1852 азы, дыккаг – 1902 азы æмæ æртыккаг – 2002 азы. Се 'хсæн ис 150 (1752-1902) æмæ 100 азы (1902-2002). – 1902 азы бæллæх дыууæ фæлтæрæй æрцыд. Фыццаг ракалд 3 июлы, дыккаг фæлтæр та – 6 июлы. 1752 азы æмæ 2002 азы бæллæхтæ бынтон иухуызон уыдысты сæ тых æмæ сæ егъау фæстиуджытæй. Зæгъæн ис, æмæ 1752 азы цъитийы ракалд се 'ппæтæй дæр уæззаудæр разынд. Йæ быны фæкодта авд хъæуы. Уыцы хабар абон Ирыстоны фæлтæрæй-фæлтæрмæ дзыхæй дзургæ сфæлдыстады цæуы. Хъолайы цъити иннæ цъититимæ абарын зын фарста у. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ иннæ цъититæн сæ тæссаг уавæр бынтон бæлвырд нæу. Бæллæх æрцæуыны цалдæр мæйы агъоммæ ис сбæрæг кæнæн сæ тасдзинад, уый тыххæй та сæм æдзух цæст дарын хъæуы, æмæ æппæт цъититæм дæр ныр цæстдард цæуы сæрмагонд нырыккон техникон фæрæзты фæрцы.

– **Уыцы бонты арæх уыдис фехъусæн ахæм ныхас, ома, Сергей Бодровы киноисæг къорды пиротехникæйы гуыппытæй цъитийы скъуыдтæ фæзынд, æмæ расайдтой ахæм стыр бæллæхмæ.**

– Æз ацы хъуыдыимæ разы нæ дæн, стæй раст дæр нæу. Ацы бæллæхмæ киноисæг къорды гуыппытæ æппындæр ницы бар дарынц. 2002 азы катастрофæ уыдис æрдзон фæзынд. Ракалдмæ цъити «йæхи цæттæ кодта» дыууæ мæйы раздæр. Уымæн бæрæггæнæнтæ уыдысты, июлы Джимара-хохæй Хъолайы цъитимæ дæргъвæтин рæстæг зæйтæ кæй калдис, уæлдæф кæй фæхъармдæр, цъитийыл скъуыдтæ фæзындис æмæ Гæналдоны комы доны æмвæзад дæр кæй æрныллæг.

– **Бæлвырддæр та йæ аххосаг цы уыдис цъититы ракалдæн? Цавæр уавæры ис абон уыцы бынат?**

– Хъолайы цъити йæ «уаргъæй» фервæзт. Фæлæ та йын йæ хивæнд митæм æнхъæлмæ кæсæн ис 50 азы фæстæ. Уый бæрæг уыдзæн, Сæна æмæ Джимарайы хæхты бын зæххыты æрфыты цы змæлд цæудзæн, уымæй. Сæнайы хох, чи ахуыссыд, ахæм вулканыл нымад у, магмæйы зынджы скæлдтытæ кæд цалдæр мин азы размæ банцадысты, уæддæр ма дзы йæ быны уыцы фæзындтытæ дæсгай æмæ сæдæгай мин азты цæудзысты. Уыдон сты сæйраг аххосаг цъитийы ракалды. Сæнайы хохы районы зæххы бын арф рæтты афтид бынæтты æрæмбырд вæййынц газтæ бынат сын нал вæййы æмæ Хъолайы цъитийы бын срæмудзынц хæрдмæ, стæй зæххы уæлцъармæ ракæлынц. Уыдон наукæйы хуыйнынц «Поствулканические газодинамические выбросы». Сæ егъау æлхъывдад æркæны стыр фыдбылызмæ. Уыдон аххосæй æрцыдысты раздæр дæр æмæ 2002 азы дæр Хъæрмæдоны катастрофæтæ. Иннæ ахæм бæллæх æрцæуинаг куы уа, уæд 21 æнусы кæронæй раздæр нæ уыдзæн.

– **Хъолайы цъитийы бæллæх исты тæссаг у Джызæлы хъæуæн?**

– 2002 азы цы бæллæх æрцыд, уый фæстиуджытæ уæззау уыдысты æмæ сты абон дæр. Ихзæйы баурæдтой комæй рацæуæн «дуæрттæ» – хохы фахс тъунелимæ. Фæлæ йæ фæстæ цы ламитæ æнхъæвзта, уый дыууæ доны астæу йæ быны фæкодта, уыцы рæстæг базæйы йæ фæллад чи уагъта, уыцы адæмы. Фæлæ Джызæлы хъæумæ уый дæр не 'рхæццæ. Ацы хъæуы арæнтæм гæсгæ бæлвырд зæгъæн ис, æмæ цал фæнды хатты дæр куы ракæла цъити, уæддæр Джызæлæн ницæмæй тас у. Æрмæст, комы уæлæмæ цæугæйæ, адæмæй, арæзтадæй – тæссаг у се 'ппæтæн дæр. Уыцы тасдзинад та алы аз дæр рæздзæн.

– **Михаил, уыцы комы ма исты арæзтæдтæ райдайæн ис, ома, туристон, рекреацион мадзæлттæн?**

– Иууылдæр æй зонæм, Хъæрмæдон адæймагæн цавæр æвдадзы хос у, уый. Йæ суæрттæ цал æмæ цал адæймаджы сдзæбæх кодтой æндыснæг æмæ бирæ æндæр низтæй. Фæлæ цъити куы ракæлы, уæд йæ фæндаг уыцы иу вæййы алы хатт дæр. Æмæ алкæмæн дæр хъуамæ хъуыдыйаг уа, ихзæйы фæд кæм баззад, уым улæфæн, кæнæ исты арæзтæдтæ аразæн кæй нæй. Абон уа, райсом, искæд бон та «Сау калм» фæстæмæ «йæхи равдисдзæн», æмæ уый рох макæмæй уæд.



## Фезмæлыд урсцъити, зæйлæсæн ратыдта

**2002 азы 20 сентябры Цæгат Ирыстоны æрцыд стыр æрдзон бæллæх – Гæналдоны комы, Хъæрмæдоны сæрмæ Хъолайы цъити ратыдта æмæ, залиаг калмау, аныхъуырдта, йæ размæ чи фæцис, уыцы адæмы, машинæты, хъæутæ: Уæллаг Хъæрмæдон, Хохы Саниба æмæ Дæллаг Хъæнийы, стæй йæхи тъунелы къæдзæхы фахсыл ныццавта. Ихзæйы фæстæ та ламизæй хуыр, дуртæ æмхæццæ анхъæвзта уым дæлæмæ комы. Ацы фыдбæллæх афтæ æнæнхъæлæджы æрцыд æмæ, уыцы уысм ничи ницы бамбæрста, фæлæ, Тменыхъæу æмæ Уæллаг Хъæнийы цæрджытæ изæрæй сæ фосмæ куы ракастысты, уæд сыл ихы пырхæнтæ бакалдысты, мигъ ныббадт, æмæ уæд базыдтой, цы стыр бæллæх æрцыд, уый.**

Цы уыдисты йæ аххосæгтæ, уый тыххæй бирæ хъуыдытæ æмæ ныхæстæ цыдис ахуыргæндты 'хсæн æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæй. Центрон каналты журналисттæ куыд дзырдтой, уымæ гæсгæ, Хъолайы цъити у, «пульсирующий», кæй хонынц, ахæм, фæлæ гляциологтæ ацы хъуыдыимæ разы нæ уыдысты. Уыдон бацамыдтой æртæ вариантты: сейсмологон, метеорологон æмæ вулканон (вулканический). Иуæй-иу ахуыргæндтæ та загътой, æртæ варианты дæр иумæ кæй æрцыдысты. Хохы хуылфы бынæй вулканы газтæй их тайын райдыдта, æрæмбырд дзы бирæ дон, уый аххосæй цъити базмæлыд, æмæ, дæргъвæтин рæстæг цъитийыл цы бирæ их æрæмбырд, уый атыдта. Зæй йæ быны фæкодта 125 адæймаджы, уыдонæй 19 нымад æрцыдысты фæмардуæвджытыл, иннæтæ та – æбæрæгæй сæфтыл. Се 'хсæн уыд зындгонд актер, режиссер æмæ сценарист Сергей Бодров-кæстæр йæ киноисæг къордимæ. Арæх фехъусын адæмæй, æрмæст Бодровы кой, дам, цæмæн кæнут, ирон адæмæй дзы къаддæр куы нæ фесæфтис, зæгъгæ? Раст у сæ хъуыды, фæлæ зындгонд актер адæмæн уарзон уыд, æмæ фæдисы бон, цæмæндæр, иууылдæр уый ном дзырдтой. Сергей куыста йæ ног уацмыс «Связной»-йыл æмæ Ирыстонмæ æрцыд киноныв иуæй-иу скъуыддзæгтæ сисынмæ. Нæхи республикæйы йын æххуыс кодта режиссер Мæхъиты Сослан. Сергей йæ ног проектмæ æрбакодта бæхты театр **«Нартæ»**-йы артистты, зæйы бын фесæфтысты Къынаттаты Тауызбег, Зассеты Виктор, Гæзæнты Маринæ, Тохтиаты Руслан, Багаты Заза, Сланты Сослан æмæ Къесаонты Алан.

### ... «Æфсымæр, цæй мидæг ис нæ тых?..»

Ацы ныхæстæ нæ бæстæйы систы базырджын. 90-æм æмтъеры азты киноныв «Брат» экраныл куы федтам, уæд сæ загъта сæйраг хъайтар Данилæ Багров (Сергей Бодров), æмæ уайтагъд æхсæнадыл апырх сты.

Сергей Хъæрмæдонмæ куы ацыд, уæд комы цæрджытæй бирæ лæппутæ, суанг ма хистæртæ дæр, цыдысты йемæ фембæлынмæ, аныхас кæнынмæ. Хохаг æфсинтæ та йæ сбуц кодтой ирон хуынтæй. Хастой йын æртыгай чъиритæ хæдзарон фых кæрчытимæ. Хъæрмæдоны уазæгуаты Сергей нуазæн систа æмæ сын сæ уазæгуарзондзинады тыххæй арфæтæ ракодта. Фæлæ йын Мæхъиты Сослан куы радзырдта, адæм æм, киноныв «Брат»-ы кæй загъта кавказаг адæмы ныхмæ, уыцы ныхæсты тыххæй мæсты сты, уæд Мæхъийы-фыртæн афтæ бакодта: «Æз афтæ никуы загътаин, фæлæ мын сценарийы цы фыст уыдис, уый æнæххæстгæнгæ нæ уыд. Сослан, гæнæн дын куы фæуа, уæд ма-иу сын мæ бæсты зæгъ, адæм иуылдæр æфсымæртæ кæй сты, уый».




### Æнкъард æнкъарæнтæ

Æрдзон фыдбæллæхы фæстæ æхсæнады бирæ мæнгуырнæн ныхæстæ цыдис. Развæлгъау сæм бирæ уæззау, æнкъард æнкъарæнтæ кæй уыдис, уый тыххæй. Бодровы бинойнаг дзырдта, уыцы бон, дам, райсомæй, Сергеимæ телефонæй ныхас кæнгæйæ, банкъардтон, йæ хъæлæс æнкъард кæй у, æмæ мын фæдзæхста, сывæллæтты хъахъхъæн, зæгъгæ. Бæхты театр «Нартæ»-йы артисттæй та уæд цалдæрæн гæнæн нæ фæцис хохмæ ацæуынæн, æмæ, сæхæдæг куыд дзырдтой, афтæмæй сæ сæ зæды хай бахъахъхъæдта. Уыдон уыдысты Багаты Хъазыбег, Дзагуырты Арсен æмæ Калоты Болат. Аирвæзт бæх Сæрмæт дæр, уымæн æмæ уыцы бон нæ бакуымдта йæ цæфхæдтæ кæнын. Къæхтæй зæхх хоста, куырдæн коммæ нæ каст, æмæ йæ ныууагътой. Киноисæг къорды куыдз та 19 сентябры æхсæвы йæ ниуынæй нæ банцад. Скъуыддзæгтæ исæн бон уый дæр режиссеры коммæ нæ каст, æмæ Бодров куыст баурæдта. Фос æмæ цæрæгойтæ æнкъараг сты, æмæ фыдбылыз æрцæудзæн, зæгъгæ, уæд сæхи æнахуыр дард фæкæнынц. Фæлæ фосы ацы миниуджытæ æрмæст рагон адæм зыдтой æмæ-иу æрдзы митæ уымæй бамбæрстой. Ныр та ахæм лыстæг хъуыддæгтæм кæсгæ дæр ничиуал кæны, йæ фæсонæрхæджы дæр никæмæн сты. Багаты Хъазыбег 19 сентябры Тихорецкæй райсомæй æрцыд гастрольтæй æмæ хъуамæ иннæтимæ араст кодтаид Хъæрмæдонмæ. Поезд байрæджы кодта, æмæ Хъазыбег куы æрхызт æфсæн вагзалы, уæд, таксийы цæугæйæ, цæмæндæр, йæ хæдзары дуармæ бауромын кодта. Фыццаг бон æнæ мæн дæр сарæхсдзысты, зæгъгæ, йæхицæн загъта. Фæлæ хæдзары бадын дæр нæ бафæрæзта æмæ театрмæ ацыд, иннæ бæхтæм базилынмæ. Калоты Болатыл та уыцы бон сæххæст 20 азы, æмæ сфæнд кодта йæ райгуырæн бон йæ бинонты æхсæн сбæрæг кæнын. Дзагуырты Арсен байрæджы кодта бæхтимæ КамАЗ-мæ æмæ баззад. Йæ къухтæ ма сæ фæдыл бæргæ тылдта, фæлæ йæ машинæскъæрæг хъуыды дæр нал æркодта. «19 сентябры мæм уæд театры директор Тохтиаты Руслан æрбацыд æмæ йæ фæндыд мемæ «киносъемкæтæм» ацæуын. Баныхас кодтам, 20 сентябры райсомæй кæй араст кæндзыстæм, фæлæ уый фæстæ базыдтон, райсоммæ дæр нал ныллæууыд, фæлæ изæрæй кæй афардæг Хъæрмæдонмæ, уый», – дзырдта йæ мысинæгтæ Дзагуырты Арсен. Сæфт нæртон гуырдты æмбæлттæ сын сæ пехуымпар ныхæстæ мысыдысты. Тихорецкæй куы здæхтысты гастрольтæй, уæд артистты фæстæмæ сæхимæ чи фæндараст кодта, уыцы чызджытæй чидæр Багаты Зазайы афарста, цæуыл, дам, æнкъард кæныс, фæстæмæ æрыздæхдзыстут, зæгъгæ. Заза уыцы фарстæн дзуапп ратта «Нæ, нæ æрыздæхдзыстæм». Къынаттаты Тауызбег та бæхты КамАЗ-ы гуыффæмæ куы сæргъæвта, уæд фæстæмæ разылд æмæ йе 'мбæлттæн афтæ бакодта: «Мæ зæрдæ мæм дзуры, цыма уæ фæстаг хатт уынын». Зассеты Виктор бон раздæр æнкъардæй цæмæндæр йæхи марды боныл сагъæс кодта. Сланты Сослан уый размæ хъазыд спектакль «Зеленый спектакль»-ы сæйраг ролы, æмæ йын загъд уыдис, «Связной»-йы фæстæ та йæ ногæй кæй равдисдзысты. Æрмæст ацы хатт Сослан не сразы. «Æз сценæмæ нал рацæудзынæн», – уыдис йæ дзуапп.

Трагедийы фæстæ бæхты театр «Нартæ»-йы куыст афæдзы æрдæг æхгæд æрцыд. Аивадон разамонæг Сихъоты Тимур куыд дзырдта, афтæмæй тынг уæззау уавæр сæвзæрыд уæд артистты æхсæн. Никæй бон уыд спектакльты архайын, иууылдæр мысыдысты се 'мбæлтты, театры æрыгондæр æмæ курдиатджындæр фæсивæд зæйы амæттаг баисты, æмæ сын уыцы хабар æнцой нал лæвæрдта. Уæд иухатт, театры тыргъы Тимур сæфт артисттæ-бæхылбадджыты хуызистытæм тыргъы куы фæкомкоммæ, уæд йæ зæрдыл æрлæууыд се 'дзард æмбæлтты рухс номæн сæрмагонд спектакль бацæттæ кæнын. Хуыйнгæ дæр кодта **«Посвящение семерым»**. Спектакль цы бон цыдис, уыцы бон тыхджын къæвда ныккалдта, уæддæр сценæмæ кæсджытæй иунæг адæймаг дæр йæ бынатæй нæ фезмæлыд. Адæм куыдтой, авд бæхы, урс нымæттæ – сæ уæлæ æмæ иу та – урс кæлмæрзæны, Газайты Маринæйы номыл, адæмы раз бузныджы охæн сæ уæрджытыл куы æрлæууыдысты, уæд.

### Дыууын æртæ азы фæстæ

Цы ивддзинæдтæ æрцыд 2002 азæй фæстæмæ Хъæрмæдоны?

Цыма дзы æппындæр ницы аивта, афтæ кæсы адæймагмæ. Ком раздæр куыд уыдис, ныр дæр уыцы иухуызонæй лæууы, æрмæст фесæфт, комы нарæджы залиаг калмау чи æрхылдис, уыцы сау ихзæй. Йæ уындæй-иу уыцы бонты адæймаджы зæрдæ баруад, зыр-зырæг-иу ыл схæцыд. Агурæг æмæ ирвæзынгæнæг къордтæ сæ куыст нæ уагътой суанг изæрыгæттæм дæр, фæлæ уыйбæрц их чи скъахтаид, цавæр кусæнгæрзтæ йын хъуыдис, уый сæрызонд дæр куы нæ ахста. Сабыргай тайгæ фæцыд. Æмæ абон, цыма дзы æппындæр никуы ницы æрцыд, афтæ зынынц донибылтæ, æрмæст дзы хъæдтæ сырæзт, къутæртæ æмæ бæлæстæй байдзаг. Зæй цы къæдзæхыл сæмбæлд, уыцы тъунелы фахсыл та адæм сныв кодтой Сергей Бодровы къам æмæ бæхылбадæг нæртон артистты. Йæ сæрмæ фыст: «Мы узнали, в чем сила, брат. Сила – в единстве!» Алы аз дæр ацы бынатмæ нæ бæстæйы алы регионтæй цæуынц æмæ цæуынц, актеры аивадæн стыр аргъ чи кодта, уыцы адæм, æмæ йын Гæналдоны комы фæзæгъынц рухсаг.

Фæстаг дыууæ азы та Хъæрмæдоны, Сергей Бодровы номыл фæзынд чысыл базар. Уæй дзы кæнынц, киноныв «Брат»-ы Сергейыл цы морæхуыз быд дзаума уыд, ахæм бæзджын æмæ хъуырджын хæдæттæ. Канд нæхи ирыстойнæгтæ нæ, фæлæ сæ зæрдиагæй æлхæнынц туристтæ дæр. Уыимæ, сæ размертæ сты хистæр карæй райдай æмæ сывæллоны онг фæу, ахæмтæ. Сосæ фæндагæй дæр базар зыны, уæлæмæ куы скæсай, уæд рог дымгæ хæдæттæ фæлмæн уыгъд бакæны. Кæд хорздзинадæн арæзт æрцыд ацы уæййæгты бынат, актеры ном сæнусон кæныны мадзалæн, уæддæр, кæмдæр адæймаджы зæрдæйы уидæгтæ базмæлын кæны, рыст ын дæтты. Æнкъард сагъæстыл æй бафтауы æмæ та бар-æнæбары раздæхы уыцы фыдбоны цаутæм.



**Фарс бацæттæ кодта,
САУТÆТЫ Тамилæ**

Спортивон фидиуæг



Ерыстæ

# Ирон чызджытæ – æппæтæй арæхстджындæр

**Дзæуджыхъæуы æхсæзæм хатт ацыд Уæрæсейы Хъæбатыр Андрей Днепровскийы номыл Æппæтуæрæсеон турнир фехтованийæ. Архайдтой дзы нæ бæстæйы алы регионты командæтæ.**

Цæгат Ирыстонмæ ацы рæсугъд спорты хуызы сæ арæхстдзинад равдисынмæ ссыдысты 67 спортсменкæйы Краснодар æмæ Стъараполы крайтæ, стæй Ростовы облæстæй.

Ерыстæ сты иртасæнтæ, архайынц дзы, фынддæс азы онг кæуыл цæуы, уыцы кадеттæ – чызджытæ. Фыццаг бон хæцыдысты рапирæтыл хи сæрмагонд бахыгъды, дыккаг бон та хæрзиуджытыл тох кодтой командæтæ.

Турниры архайджытæн арфæ ракæнынмæ æмæ сын хæрзиуджытæ раттынмæ æрбацыдысты: Цæгат Ирыстоны Фехтованийы федерацийы президент, РЦИ-Аланийы Парламенты депутат **Хæдарцаты Аслæнбег**, Уæрæсейы фехтованийы иугонд командæты хицау **Хъараты Хъазыбег** æмæ Уæрæсейы Хъæбатыр Андрей Днепровскийы мад **Татьянæ Днепровская**. Уыдон ма баныхас кодтой сæ дарддæры æмгуыстадыл республикæйы фехтованийы рæзты хъуыддаджы. Куыд загътой, афтæмæй ацы спорты хуызы хъуамæ архайой, йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн у, уыцы спортсментæ дæр.




Татьянæ Днепровская бузныг загъта турнир саразджытæн – федерацийы разамынд æмæ тренертæн. Фæлæ ма хъайтары мад бафиппайдта, фехтованийы спортæн кæй нæй, ерыстæ æмæ тренировкæтæ кæм аразой, ахæм йæхи сæрмагонд хæдзар – комплекс кæнæ клуб.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Хæсты азæлд

# Йе 'фсымæры ингæн ссардта

**Æстай азæй фылдæр æбæрæгæй сæфтыл нымад чи уыд, Сомихы цæрæг 90-аздзыд сылгоймаг Сарингюл Матевосян йæ уыцы æфсымæры ингæн фенынмæ æрбацыд Цæгат Ирыстонмæ.**

1942 азы августы Мæздæгмæ 'ввахс тугкалæн хæстыты чи архайдта, Григор Назарян службæ кодта 89-æм фистæгæфсæддон дивизийы уыцы 526-æм полчъы. Амынд заман Мæздæгæй Мæлгъæвæгмæ хъахъхъæнæн операцийы фæмард 120 мин советон æфсæддонæй фылдæр.

Дзæвгар рæстæг æбæрæгæй сæфтыл нымадуæвæг Григор Назарян кæм фæмард, æфсæддоны хиуæттæ ныр уый зонынц. Григоры кæм баныгæдтой, уыцы æфсымæрон ингæн «Фронты ххх»-ы æдæппæт бафснайдæуыд советон æфсæддонты 162 марды (Мæздæджы районы агурджытæ амынд мæрдтæй 120 марды систой Терчы рагъы арф рæттæй).




Предгорнæйы хъæуы скъоладзаутæ кæм архайдтой, уыцы митингмæ æрбацæуæг адæм, Кавказ хъахъхъæнджыты рухс нæмттæ аргæйæ, æдзæмæй алæууыдысты. Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнджыты сгуыхтдзинады кадæн ахуырдзаутæ æмдзæвгæтæ бакастысты. Митингы кæрон æфсымæрон ингæныл сæвæрдтой дидинджытæ æмæ веноктæ.

**БУТАТЫ Азæмæт**

Архитектурон цыртдзæвæнтæ

# Нæ горæты фæлгонцад



**Дзæуджыхъæуы Терчы галиуварс ис Суннитты мæзджыт, хонынц ма йæ Мухтарты мæзджыт дæр (мечеть Мухтарова). Мæзджыт у, федералон нысан кæмæн ис, ахæм архитектурон цыртдзæвæн. Йæ арæзтад райдыдта 1900 азы æмæ фæцис 1908 азы. Йæ бындурæвæрджытæ уыдысты тæтæры пысылмон æхсæнад, архитектор И.К. Плошко уыд проекты автор. Пысылмон æхсæнад алы адæмтæй æмбырд кодтой мæзджыт саразынæн æхцайы фæрæзтæ.**

Æппæтæй фылдæр йæ рацарæзтæн фæрæзтæй баххуыс кодта азербайджайнаг нефты промышленносты кусæг Муртуза Мухтаров. Уый уæды рæстæджы æхцатæй ратта 50 мин сомы бæрц ацы арæзтадæн. Æппæтæй та мæзджытыл бахардз кодтой 80 мин сомы бæрц.

Афтæмæй, Бакуйы 'рдыгæй ласт урс чъырæй конд мæзджыт байгом 1908 азы 14 октябры.

Куыд дзурынц, афтæмæй Мухтаров ацы арæзтад схуыдта йæ бинойнаг ирон сылгоймаг Тугъанаты Лизæйы номæн.

Мæзджыты фæлгонцы ис бирæ аивадон алыхуызон æууæлтæ, уæлдайдæр та – араббаг, стæй бынæттон арæзтадон традицитæ, уыдон тынг фидауынц иумæ. Стыр бавæрæн йæ арæзтадмæ бахастой хъырымаг тæтæйрæгтæ.

Алы аз дæр æндæр бæстæтæй бирæ бæлццæттæ бабæрæг кæнынц, æнусты дæргъы чи лæууы, æмбал кæмæн нæй, уыцы уникалон мæзджыты.

**БЫЗЫККАТЫ Земфирæ**

# Дзырдбыд



## Дзуаппытæ 13 сентябры мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:**

1. Уацмыс. 5. Мадрид. 8. Абана. 9. Стæр. 10. Хъус. 12. Стыр. 13. Дзомс. 14. Гарз. 15. Сахалин. 18. Амæттаг. 21. Немыц. 22. Садон. 25. Мæнгард. 27. Батрадз. 31. Дуар. 33. Захъа. 34. … салд… . 35. Раст… . 36. Лыст. 37. Осакæ. 38. Зæкъæн. 39. Гæркъа.

**БЫНЫРДÆМ:**

1. Уадсис. 2. Метр. 3. Сардзин. 4. Халон. 5. Махсымæ. 6. Дзуг. 7. Дæрзæг. 9. Сырх. 11. Сарт. 16. "Абетæ". 17. Арынг. 19. Театр. 20. Амонд… . 23. Арæзтон. 24. Багалæг. 25. Мыдадз. 26. Нуар. 28. Агат. 29. Зыдыка. 30. Æхсар. 32. Рагъ. 34. Ссыр.

**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. Номдзыд ирон инæлары ном. 6. Цæнд, рæдзæгъд. 9. Хъуымац. 10. Халас, салф. 12. Митын зæй. 13. Лымæндзинад. 16. Цардуд, цæрæг. 18. Уæрыччытæ хизæг. 19. Хуылфыдзаума. 20. Цæсгомы хай. 21. Стъалыты гуппар Авд хойæ иу. 22. Бырынцъаг, дзода. 24. Хъæбатыр, æхсарджын. 25. Схон хæцæнгарз. 28. Цæгат Кавказы адæмыхæттыты минæвар. 31. Æнтæф. 32. Паддзахад Европæйы. 33. Бæрæгбоны æртæ кæрдзыны, физонæг, нуæзт. 34. Хъæдгом, цæф. 35. Цæрæнбон.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. … та исы йæхимæ дæ рынтæ, исчи дын хъары нывондæн йæ сæр. (Къоста). "Хæрзбон"-æй. 2. Хуыз. 3. Тыхми. 4. Дыргъ. 5. Ирон журнал. 7. Æнæзæрдæмæдзæугæ. 8. Мулкæй исынæй æфхæрд. 11. Амалджын, хъомысджын. 12. Хæларæй, æнгомæй цард. 14. Фехæлд, срæмыгъд. 15. Гæны æндах. 17. Адджинаг. 18. Сæвджын, парахат. 22. Паддзахад Африкæйы. 23. Уæладзæн, аххæрæг. 26. Цæугæдон Пензæйы облæсты. 27. Хæринаджы хæрзадгæнæг. 28. УФ-йы закъæттæ хæссæг. 29. Адджинаг сывæллоны æвзагæй. 30. Ирон кафт.

Сфæлдыстадон фембæлд

# «Мцыри» хоны æрыгон поэтты

**Æрыгон поэтты Æппæтуæрæсеон гом фестиваль «Мцыри» арæзт цæуы 2004 азæй фæстæмæ Ассоциаци «Уырыссаг литературон æмбалад»-ы хъæппæрисæй. Æрыгон, Лермонтовы кар (27-аздзыд) поэтты фестиваль абон у æппæты «зæронддæр» æмæ ахадгæдæр. Конкурсы афоны ис фæсауунмæ онлайн-конкурс, къорд æрæмдзых (очный) æвзарæн туры (регионалон конкурстæ) æмæ цыппарбонон кæронбæттæн Мæскуыйы, М.Ю. Лермонтовы райгуырæн боны кадæн.**

Æрыгон поэты Æппæтуæрæсеон гом фестиваль «Мцыри»-йы XXI афон (сезон) цæуы Президенты культурон хъæппæристы фонды æххуысæй.

Æвзарæн туры æрыгон поэттæ хъуамæ бадæттой заявкæ электронон постæй: **Russia-lit@yandex.ru/,** кæнæ та Дзæуджыхъæуы фестивалы æмбæлтты руаджы: РЦИ-Аланийы Национ наукон библиотекæ: **www.nnbrso.ru/,** журнал «Дарьял»-ы редакци: **www.darial-online.ru/**

Фестивальмæ цæгаткавказаг æвзарæн тур цæуы, ирон литературæйы бындурæвæрæг Хетæгкаты Къоста æмæ педагогрухстауæг Варварæ Шредерс 1895 азы бындур кæмæн нывæрдтой, Цæгат Кавказы уыцы зæронддæр библиотекæйы. РЦИ-Аланийы Национ наукон библиотекæ у республикæйы сæйраг информацион центр, бæрæг кæны йæ 130 азы юбилей, æрмæст Цæгат Кавказы чингуыты навигатор нæу, фæлæ, æппæтуæрæсеон нысаниуæг кæмæн ис, ахæм социалон-культурон, ахуырадон æмæ фæлладуадзæн мадзæлттæ аразæн бынат.




Юбилейон мадзæлтты фæлгæты РЦИ-Аланийы Национ наукон библиотекæйы арæзт æрцыд, сентябры йæ цыппæрæймаг сезон байгомгæнæг Уæрæсейы æппæты егъаудæр литературон преми – Æппæтуæрæсеон национ преми «Гипертекст»-ы цæлхæмбырд. Архайдтой дзы Уырыссаг литературон æмбалады сæрдар, «Литературон газет» æмæ преми «Гипертекст»-ы сæрмагонд проектты разамонæг **Александр Чистяков**, Уырыссаг литературон æмбалад, «Литературон газет», преми «Гипертекст» æмæ Æрыгон поэтты æппæтуæрæсеон гом фестиваль «Мцыри»-йы – пресс-службæйы разамонæг **Вероникæ Одинцова**, «Литературон газет», преми «Гипертекст» æмæ Æрыгон поэтты æппæтуæрæсеон гом фестиваль «Мцыри»-йы сæрмагонд проектты координатор **Александрæ Потемкина**, нæ республикæйы наукон æмæ сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ.

**МАГКАТЫ Стеллæ**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Обслуживание колонок и котлов.
Тел.: 8-961-821-90-88.**



**Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот.
Тел.: 8-928-928-88-24.**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова.
Гарантия работы – 30 лет.
Работают профессионалы.
Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек), 8-928-484-24-58 (Хамиц).**

**Профессиональная обрезка плодовых культур.
Научно обоснованные консультации по подкормке растений конским перегноем.
Тел.: 8-928-856-90-89, 8-928-856-90-83 (Руслан).**

Газет «Рæстдзинад»-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц, Цгъойты Хазбийæн йæ хо

**ГОДЖЫЦАТЫ-ЦГЪОЙТЫ Фаризæт**

кæй амард, уый фæдыл.

Зиан рахæсдзысты сабаты, 20 сентябры, Къостайы проспекты 203-æм хæдзарæй.

Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2715. Заказ № 1051. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru**